# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

महिला विश्व कप विजेता खेलाड़ी आजु नई दिल्ली में राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु से भेंटि कइलिनि । येह मौका पे भारतीय महिला क्रिकेट टीमि क कप्तान हरमनप्रीत कौर राष्ट्रपति के टीमि क जर्सी भेंटि कइलीं।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदियो कालि्ह लोक कल्याण मार्ग के अपने आवास पे महिला विश्व कप विजेता खेलड़ियन क मेजबानी कइलीं। श्री मोदी महिला क्रिकेट टीमि के उनकरे जीति पर बधाई दिहलें आ टूर्नामेंट में उनकरे सानदार वापसी क सराहना कइलें।

***आप लोगों ने बहुत बड़ा काम किया है और भारत में क्रिकेट एक खेल नहीं है। एक प्रकार से भारत के लोगों की जिंदगी बन गया है, क्रिकेट में अच्छा होता है, तो भारत अच्छा फील करता है और क्रिकेट में थोड़ा सा भी इधर होगा तो पूरा भारत हिल जाता है।***

भारत क कप्तान हरमनप्रीत कोर कहले हईं कि ई हमनी बदे गौरव क बाति ह कि हमनी सब येह बेरि ट्रॉफी के साथे आइल हईं।

***मुझे अभी भी याद है कि जब हम दो हजार सत्रह में आपको मिले थे उस टाइम हम ट्रॉफी के साथ नहीं आए थे लेकिन यह हमारे लिए बहुत ओनर की बात है कि इस बार हम आपको जिसके लिए हम इतने सालों से मेहनत कर रहे हैं वह ट्रॉफी यहां पर लेकर आ पाए और आपने आज हमारी खुशी को दोगुना और ज्यादा बढ़ा दी है और हमारे लिए बहुत ओनर की बात है।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दुइ दिन के दौरा पर अपने संसदीय क्षेत्र बनारस आ रहल हवें। एगो रिपोर्ट

**प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सात नवंबर की शाम अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी पहुंचेंगे। अगले दिन यानी आठ नवंबर को वह बनारस स्टेशन से वाराणसी–खजुराहो वंदेभारत एक्सप्रेस समेत चार सेमी हाईस्पीड ट्रेनों को हरी झंडी दिखाकर रवाना करेंगे। प्रधानमंत्री प्लेटफार्म नंबर आठ पर बने मंच से जनसभा को भी संबोधित करेंगे। उनके आगमन को लेकर सुरक्षा एजेंसियों ने पुख्ता तैयारियां कर ली हैं। प्रधानमंत्री के कार्यक्रम को देखते हुए भारतीय जनता पार्टी ने भी भव्य स्वागत की तैयारी की है। पार्टी विभिन्न स्थानों पर प्रधानमंत्री का फूल मालाओं से अभिवादन करेगी। आकाशवाणी समाचार के लिए वाराणसी से मनीष सिंह।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने बनारस दौरा के दुसरका दिन्ने आजु काशी विश्वनाथ अउर काल भैरव मंदिर पहुंचि के दरसन–पूजन कइलें। मुख्यमंत्री मणिकर्णिका घाट के सतुआ बाबा आश्रमो पहुंचलें। ओइजा उहां के संत लोगिन से मिलि के उनकर आसीरबाद लिहलीं। श्री योगी बनारस में प्रधानमंत्री क प्रस्तावित कार्यक्रम से पहिले आजु मंडुआडीह रेलवे स्टेसन क निरीक्षण कइ के तइयारियो देखलें।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद–यूपी बोर्ड बरिस दुइ हजार छब्बीस में होखे वाला दसवीं आ बरहवीं क सलाना परीक्षा कै टाइम–टेबल जारी कइ दिहलस। बोर्ड के ओरि से जारी कार्यक्रम के हिसाबि से दुन्नो परीक्षा एक्के साथे अठारह फरौरी से सुरू होई आ एक्के सथहीं बारह मार्च के खतम होई। हमरे प्रयागराज प्रतिनिधि बतवलें कि बोर्ड परीक्षा दुइ पाली में होई। पहिली पाली क परीक्षा भिन्नहीं साढ़े आठ बजे से दुपहरिया पौने बारह बजे ले आ दुसरकी पाली क परीक्षा दुपहरिया दुइ बजे से संझा सवा पांच बजे ले होई।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्रन में जीएसटी दर में कटउती के साथे बाइस सितम्बर के सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव से देस भर के लोगिन के फायदा मिलल हौ। एगो रिपोर्ट–

*नया जीएसटी सुधार ऑटोमोबाइल क्षेत्र के टेक्स में उल्लेखनीय कमी कइ के लोगिन के राहति दिहले हौ। पैंतीस सौ सीसी ले क इंजन क्षमता वाले मोटरसाइकिलि पर जीएसटी के अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा। ओहीं बारह सौ सीसी से बेसी क्षमता वाले पेट्रोल इंजन कार आ पन्द्रह सौ सीसी से बेसी इंजन क्षमता वाले डीजल कार पर टेक्स अब अठारह फीसदी लागता। एकरे किफाइती श्रीणी क गाड़ी सस्ता हो गइल हौ आ घरेलू उपयोगो के बढ़ावा मिलल हौ। एकरे अलावा बड़हन कारन पर बिना कउनों उपकर के चालीस फीसदी कर लगि रहल बा। मोटर कारन आ मोटर बाइक के बनवले में इस्तेमाल होखे वाला पार्ट–पुर्जो पर टेक्स घटा के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा। टेक्स के युक्तिसंगत बनवले से बिकिरी बढ़वले में मददि मिलल हौ, जेहसे किसान, छोटहन ब्यौपारी आ दिहाड़ी मजुरहन के सोझै लाभ मिलल हौ। ई सुधार घरेलू मांग आ रोजिगारो के बढ़ावा दे रहल हौ, जेहसे भारत क भारी उद्योगन में सतत आ तकनीक संचालित विकास क राहि प्रसस्त भइल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से विसु जायसवाल आ आदर्श के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।*

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के तहत स्टार्टअप एक्सेलेरेटर वेव–एक्स गोवा में बीस से अट्ठाइस नवम्बर ले आयोजित छप्पनवां भारतीय अंतर्राष्ट्रीय फिल्म महोत्सव–इफ्फी में स्टार्टअप्स के वेव्स बाजारि में हिस्सा लेवे बदे आमंत्रित कइले हौ। मंत्रालय बतवले हवे कि वेव–एक्स बूथन बदे बुकिंग सुरू कइ दीहल गइल बा।

**********